Gwaro Rekudzidzisana Kupfuya Mombe DzeNyama

(Training Guide for Beef Production)

Zimbabwe Government

Food and Agriculture Organization of the United Nations

UKaid from the British people




Zviri mukati

Kutenda

Iri gwaro rakanyorerwa chirongwa cheLivelihoods and Food Security Program (LFSP), Agricultural Productivity and Nutrition (APN) Componemt inotungamirirwa nebazi reFood and Agriculture Organization of the UN (FAO). Mari yekuti basa reLFSP rifambe yakapiwa neveDepartment for International Development (DFID) pasi pechirongwa cheUnited Kingdom Aid (UKAID). Kuburikidza nekushanda pamwechete neFAO INSPIRE (Improved Nutrition for Sustainable Production, Increased Resilience and Economic) yakatungamira kunyorwa kwegwaro rino rinoshandiswa muzvidzidzo zvevarimi vekumaruwa. INSPIRE mubatanidzwa we mapoka anoshanda munezvebudiriro mukurima anosanganisa Goal Zimbabwe, Practical Action, Sustainable Agriculture Technology and Technoserve. Chinangwa cheLFSP ndechekuti kupfuyiwa kwemombe dzenyama kusimudzirwe kubva patiri ikozvino uye kuti zviripe mari yekushandisa mumabasa emumhuri. Pasi pechirongwa cheLFSP-APN INSPIRE irikushanda mumatunhu anoti Mutare, Mutasa and Makoni ari muManicaland Province. Tinovimba kuti zvinyorwa izvi zvichashandiswa nevarimi varimumatunhu iwaya kana vari kune nzvimbo dzakafanana nematunhu iwaya kuti mombe dzenyama dzipfuyiwe zvakanaka. Tinotenda INSPIRE nevese vakabata basa rakanaka kudai rekuitira kuti varimi vasimudzirike mukurima nyama.

Mabatirwe ezvidzidzo

1. Gwaro rino rinotarisirwa kushandiswa nevarimisi kana maparavets (vatungamiriri vezvidzidzo) ari kushanda neboka revarimi vane chido nekurima nyama yemombe zvakanaka.
2. Vatungamiriri vezvidzidzo vanotarisirwa kudzidzisa vamwe varimi veboka ravo vachitevedza marongerwe ezvidzidzo ari mubhuku vachitevedza mwaka vekurima.
3. Vatungamiriri vezvidzidzo vanotarisirwa kudzidzisa varimi, nguva yekuita basa racho mumunda isati yakwana kuitira kuti panozokwana nguva yacho varimi vange vava kuziva zvinoda kuitwa. Rongai mazuva ekupota muchisangana neboka renyu kuti muite zvidzidzo uye sarudzai pekuitira zvidzidzo pakasununguukira vanhu vese vari muboka renyu pamwe nenguva yakasununguka.
4. Torai nguva isingadariki maawa mairi panguva yese yamunosangana.
5. Onai kuti makagara makaita denderedzwa zvinoita kuti vadzidzi vese vadzidze vachionana.

6. Zvidzidzo zvisati zvatanga bvunzai varimi zvavanenge vachinyanya kuda kunzwa pamusoro pechidzidzo ichocho kubva pazvinangwa zvechidzidzo moedza kunyanya kubatsirana nevarimi ipapo.
7. Pane zvidzidzo zvinenge zvichionekwa nemudzidzisi kuti zvingadewo rubatsiro rwemumwewo munhu garai maronga kuti murimisi venyu kana vamwewo varimisi vazouya kunotsigira musi wechidzidzo.
8. Mudzidzisi anokurudzirwa kunge achinzwisisa zvidzidzo zvaanenge achitungamirira zvakadzama. Mudzidzisi ngaatore nguva yekumboverenga kuti chidzidzo chichazoda kufambiswa sei musi wacho wechidzidzo usati wasvika, uye chidzidzo kana chichizoda kuti varimi varatidzwe maitirwe ebasa, mudzidzisi ngaasarudze pekudzidzira pakasununguka nekuunganidza zvese zvichazodiwa musi wechidzidzo usati vasvika
9. Uku kudzidza kwevakuru vanogarobata mabasa avari kudzidziswa nezvawo muhupenyu. Nokudaro kurudziro ndeyekuti tinzwe mafungiro nemaitiro avo uye zvikonzero zvacho
10. Vadzidzi vose vanokurudzirwa kutaura vachipawo pfungwa dzavo. Zvikadaro zvinoita kuti vose vasununguke kutaura maonero avo. Kuti vawane mukana wakakwana vanopota vachiiswa mumapoka akasiyana siyana kuti vapindure mibvunzo inenge yabvunzwa
11. Mushure mekunge boka roga roga rapakurira vamwe zvarawana, vamwe vanofanira kupihwa mukana wekubvunza mibvunzo uye kutaurawo pfungwa dzavo. Mudzidzisi anokurudzirwa kuzokwenenzvera hurukuro.
12. Kudzidza kuzhinji ngakuve kunosanganisira kuratidzira varimi maitirwe ebasa racho chaiwo nekuti vanhu vakuru vanodzidza nekuona nekuita.
13. Pamusoro pema activities (pezviitwa) zvakaiswa muzvidzidzo itaiwo mitambo yakaita sema drama, kuimba, nhetembo kana quiz pamusoro pechizvidzidzo zvamunenge muchiita.
14. Kana paine zvinenge zvabvunzwa kana kukurukurwa zvisingakwanise kuti mudzidzisi ape mhindiro ipapo, anokurudzirwa kunotsvaga mhinduro kuvarimisi ozopa mhinduro kuvadzidzi muchikamu chinotevera.
15. Pamusoro peizvi, rongaiwo mazuva ekunoona zviri kuitwawo nevamwe varimi vari kurimawo zvamuri kurima zvepamusoro kuti munodzidzawo ikoko. Zvakare kana paitawo murimi abudirira zvakanyanya muboka renyu kudarika vamwe rongaiwo zuva rekuungana pamunda pake (field day) kuti mudzidzewo kuti akazvifambisa sei. Njere moto, unogokwa.

Zvakanakira kuchengeta mombe, mhando dzemombe pamwe nemitemo inegumi yekuchengeta mombe

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

a) Zvakanakira kuchengeta mombe
b) Mhando dzemombe nemamirire akaita mhando imwe neimwe
c) Zvinotariswa kana munhu achisarudza mhando yemombe yekuchengeta
d) Mitemo inofanirwa kucherechedzwa pakupfuya mombe

Activity 1
Nevamwe veboka, kurukurai kukosha kwekuchengeta mombe dzenyama. Zvimwe zvinogona kubuda muhurukuro yenyu ndeizvi: - nyama, mukaka, matehwe, mupfudze, kurima, kutakura kana kudhonza zvinhu, mari, nezvimwe zvatinoita pachivanhu pedu (kuroora, kuripa mhosva, kupira, kuripa ngozi uye nyama pamitambo).

Activity 2
Munzvimbo dzakaoma dzinonaya mvura shoma munemhando shanu dzemombe dzinokurudzirwa kupfuyiva imomo. Varimi ngavadome mhando shanu dzemombe dzenyama dzavanofunga kuti dzakakodzera kuchengetwa munzvimbo yavo. Mhinduro dzinotarisirwa kubuda ndeidzi:-Mashona, Africander, Tuli, Nkone, neBrahman

Activity 3
Varimi ngavadome zvinhu zvinokosha kana vachisarudza mhando yemombe yekuchengeta. Zvimwe zvinogona kubuda ndeizvi:-

- Kukura kwemhumhu vemhando yacho
- Ruvara kana mavara anoita mhando yemombe iyoyo (hazvina hzvo kunyanya kukosha),
- Inobatwa nezvirwere zviri nyore here, mhando yemombe yacho inobata zamhu nyore here,
- Mhou dzerudzi urwu dzinogona kuchengeta mhuru zvakanaka here, mhou dzacho dzinobara zviri nyore here,
- Mhando yemombe iyi inepundutso here kuikodza iri mudanga,

Activity 4
Vachishandisa zvabuda pamusaro apo, ngavatsanangure zvavanoziva pamusoro pemhando imwe neimwe yemhando dzemombe dzadomwa. Hurukuro yenyu ngaitsigirwe nezvinotevera muchiratidza varimi mifananidzo.




Mashona

Mombe dzerudzi urwu dzine mhumhu muduku uye hadziwanzobatwi nezvirwere nokuti imhando yagara iri muzvimbo dziri pamusoro. Rudzi urwu rwunobata zamu zviri nyore kunyangwe mafuro ari mashoma uye mhou dzinogona kuchengeta mhuru zvakanaka. Harupi pundutso yakanaka dzikapiwa chikafu dziri mumatanga nokuda kwemhumhu muduku. Mavara anowanzo onekwa anoti matema, matsvuku kana machena.

Nkone

Rwudzi urwu rwune mhumhu uri pakati nepakati. Rudzi urwu rwunobata zamu zviri nyore kunyangwe mafuro ari mashoma uye mhou dzinogona kuchengeta mhuru zvakanaka. Mombe dzeNkone dzakasimba pazvirwere uye dzinogona kurarama nekudya kushoma. Mareya mhuru mashoma pakubereka.




Africander

Africander rudzi rwakasimba rwunogona kurarama munzvimbo yakaoma uye zvekudya zvishoma. Afrikander haipi pundutso yakanaka pakuikodza nokuti inononoka kukora. Mhuru dzakanaka ndedzinoitwa nemhou yerudzi urwu yasangana nemabhuru *eChalolis* kana South Devon.



Brahman

Brahman rudzi rwune mhumhu mukuru kudarika mamwe marudzi atakurukura nezvawo. Rudzi rwakasimba rwunogona kurarama munzvimbo yakaoma uye rwakasimba pakurwisa zvirwere zvemombe. Mhou dzinobata zamu zvirinyore.



Tuli

Tuli rwudzi rwune mhumhu mukuru nenyundwa iripakati nepakati. Rwakasimba pazvirwere uye rwunogona kurarama zviri nyore munzvimbo yakaoma. Mhou dzinogona kubata zamhu nyore kunyangwe mafuro ari mashoma. Mavara anowanzo onekwa onoti masvuku kana machena. Mhou dzinogona kubudisa mukaka unosvika marita mana pazuva. Madhonza erudzi urwu anesimba pakurima.



Activity 5

Tambai mitambo miiri inotevera.

a) Mumutambo vekutanga tsanangura mhando yemombe usingadome zita remhando yacho. Chikumbira varimi kuti vaedze kudoma zita remhando yatsanangurwa. Varimi ngavaite makwikwi ekuona kuti ndiani anokasika kuziva mhando yacho kudarika vamwe vese.
b) Mumutambo vechipiri ratidza varimi mifananidzo yemhando dzemombe usingavaratidzi mazita emhando dzacho. Varimi ngavaite makwikwi ekuona kuti ndiani anokasika kuziva mhando yacho kudarika vamwe vese.
c) Inzwa kune varimi vari muboka renyu kuti mhando yemombe yavanoona yakakodzerana nenzvimbo yavo ndeipi uye zvikonzero zvavanoona zvichiita kuti mhando iyi ikodzerane nawo.

Activity 6

Tsanangurira varimi zvinotevera:-

- Kana ukabvunza murimi wechibage kuti ndezvipi zvinodiwa pakurima chibage anokupindura kuti panodiwa rudzi rwembeu inoita munzvimbo imomo, mupfudze, kudzyara nguva iripo, kusakura nenguva pamwe nokuuraya udyi hwose. Kana murimi akasacherechedza izvi goho rake rinoita shoma. Izvi zvimwe chete nokuchengeta mombe. Pane mitemo inegumi inofanira kutevedzerwa kuti murimi agokohwa pakuru.
- Pundutso kubva kumombe inowanikwa kana zvinhu zvakadai zvikachengetedzwa. Varimi ngavapinde mumapoka mana. Boka rimwe nerimwe ngarinyore pasi zvinhu zvishanu zvavanoona sezvakakosha

mukupfuyiva kwemombe. Kana mapoka ese apedza, rimwe nerimwe ngaritaurirevo zvaranyora. Onai kuti zvataurwa zvinopindirana here nezvinotevera, zvinova ndizvo zvinokurudzirwa kunyanya mukuchengetwa kwemombe – mitemo ine gumi yekuchengetwa kwemombe.

1. Chikafu nemvura yakatonhorera yakakwana
2. Kusarudza mikono nematsiru kuti atange rudzi runokodzera
3. Kuoongorora zvipfuyo nguva dzose
4. Kuvaka matanga akafaranuka ari matatu
5. Kubvisa nyanga nekutena mhuru
6. Kurumura mhuru pamwedzi mitanhatu
7. Kudhibhisa kuuraya zvikwekwe
8. Kudhoza kuuraya makonye emuura
9. Majekiseni ekudzivirira zvirwere
10. Kutsura mombe dzachembera kana dzisingape pundutso kumurirmi - Mombe dzakura nedzisingachadiwi dzinofanira kukodzwa dzotengeswa. Sarudzawo zvekare matsiru pamwe nemabhuru asingachadiwi kuti dzigotengeswa

Kudhibhisa mombe

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.
2. Gadzirira kuti uzoratidza varimi kushandiswa kweknapsack kumwaya mushonga vekuraya zvikwekwe pamwe nenzira yekudira mushonga pamusana pemombe.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

1. Zvakashatira zvikwekwe
2. Nzvimbo dzinogara zvikwekwe pamombe
3. Nzira dzinogona kushandiswa kumwaya mishonga yekuuraya zvikwekwe.
4. Mombe dzinodhibhiswa kakawanda zvakadii maererano nemwaka vegore.

Activity 1

Isa varimi mumapoka matatu. Ngavakurukure zvinotevera vari mumapoka iyaya:-

Boka rekutanga ngarikurukure zvakashatira zvikwekwe

Boka rechipiri ngarikurukure nzvimbo dzinogara zvikwekwe pamombe

Boka rechitatu ngarikurukure nezve nzira dzinogona kushandiswa nadzo mishonga kuuraya zvikwekwe uye mombe dzinodhibhiswa kakawanda zvakadii maererano nemwaka yegore.

Tsigira zvabuda muhurukuro nezvinotevera:-

- Zvikwekwe zvinokuvadza ganda remombe, zvinoita kuti mobe isagadzikane nekurwadziva nepayarumwa, kusveta ropa pamwe nokuparadzira zvirwere. Zvikwekwe zvinoitawo kuti mombe ibatwe nyore nezvimwevo zvirwere zvinokonzerwa nefungus nebacteria.
- Mufananidzo uri pasi apa unoratidza zvimbo dzinonyanya kuvanikwa zvikwekwe






- Kune nzira ina dzinonyanya kushandiswa kumwaya mishonga inouraya zvikwekwe dzinoti:-
    - Kuenda kudhibha/Plunge dipping
      Iyi ndiyo nzira inonyanya kushandiswa-Mombe inosvetukira mutank rine mushonga yonyika muviri vese mumvura mune mushonga ichitiva kunobuda. Mombe ngadziende kudhibhi nguva dzese dzinenge dzatarwa neveVeterinary Services.
    - Spray race
      Mombe inopfuura nemu race muri kupfapfaidzwa mushonga kubva pasi, pamusoro nekurutivi zvinoita kuti mombe itote muviri vese. Zvinokwanisawo kuuraya zvikwekwe semashandire anoita kuenda kudhibha.
    - Kushandisa knapsack
      Zvinonyanya kukurudzirwa kunzvimbo dzinenge dzisinga kwanisi kuvanikwa dzimwe nzira dzataurwa pamusoro. Kuti nzira iyi ishande zvakanaka, mombe dzinofanirwa kutota muviri vadzo zvakakwana.
    - Mishonga yekudira pamusana pemombe
      Pane dzimwe mhando dzemishonga inogona kudirwa kubva pakati pemusoro vemombe kwaakuteedza musana kusvika pamuswe vemombe. Mushonga uyu unobva vazofamba wega nemuviri vese vemombe. Unonyanya kushandiswa kunzvimbo dzinonetsa mvura.

Activity 2

Ratidza varimi kushandiswa kweknapsack kumwaya mushonga vekuuraya zvikwekwe pamwe nenzira yekudira mushonga pamusana pemombe.

Kuvhara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare

Kugadzira matanga akanaka

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.
2. Tsvaga murimi ane danga remando ye 3 cross sectional kraal (unogona kubvunza murimisi vako kuti uziwe kwariri) munharaunda menyu kana muboka renyu, voronga naye kuti varimi vemuboka rako vazouye kunoona mavakirwe akaitwa danga racho. Itirai chidzidzo ichi ipapo.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

1. Zvinhu zvinofanirwa kucherechedzwa kana murimi achitsvaga nzvimbo yekuvakira danga.
2. Mamirire anofanirwa kuita danga uye zvivakwa zvinofanirwa kuvanikwa padanga.

Activity 1

Varimi ngavapinde mumapoka mairi vakurukure zvinotevera. Kana vapedza boka rimwe nerimwe ngaritaurire vamwe zvarakurukura.

Boka rekutanga ngarikurukure kuti ndezvipi zvinhu zvinofanirwa kucherechedzwa kana murimi achitsvaga nzvimbo yekuvakira danga.

Boka rechipiri ngarikurukure mamirire anofanirwa kuita danga uye zvivakwa zvinofanirwa kuvanikwa padanga.

Tsigira zvabuda muhurukuro neizvi:-

- Kana muchitarisa nzvimbo yekuisa danga remombe koshesai zvinotevera:-
    - Nzvimbo yacho inofanirwa kusvikika zvakasununguka nemombe, ngoro kana motokari
    - Nzvimbo yacho haifanirwi kunge yakarereka zvakanyanya
    - Ivhu repanzvimbo ipapo rinofanirwa kuva richi fambisa mvura zvakafanira
    - Inofanirwa kuva nemimvuri yakafanira.
    - Panofanirwa kuva nemvura padyo
    - Danga rinofanirwa kunge rakadzivirirwa kubva kumhepo. Muenzaniso uri vekuti kana paine gwenzi padyo danga ngarivakirwe kumavirira kwaro.
- Kana muchivaka danga onai kuti:-
    - Rinofanirwa kunge akavakwa nematanda akavezwa kubviswa zvinobaya nekukuvadza mombe.
    - Danga rokutanga rinofanira kuva rechikafu chokuwedzera munguva yechirimo, rechipiri nerechitatu ndeekurara. Izvi zvinoitirwa kuti kana rimwe rave nemadhaka mombe dzinoiswa mune rimwe danga risina madhaka. Mombe imwe neimwe ngaiisirwe 8-10 square metres. Asi kana dziri mhuru isai 0.6 square metres pamhuru imwe neimwe.
    - Rinofanira kuvavo nedara remashanga, gomba rekubikira kudya, mufaso une pekuisira mishonga panze pedanga kana mombe dziri kurapwa, pamwe nepokudyira. Mufaso unofanirwa kureba 5m nekufara 0.75m. Isai mombe 2-3 panguva imwe chete. Garai muchiisa mombe dzenyu imomo nguva nenguva kuti dzijairire kumupinda. Ongorora mifananidzo yedanga iri pasi apa:-



Activity 2

Shanyirai murimi munharaunda menyu anewo danga rakafanana nerakurukurwa pamusoro munatse kucherechedza mamirire aro. Kana munharaunda menyu musina ane danga rakafanana neiri kumbirai murimisi venyu kuti akubatsirei kuvaka danga rakafanana neiri redemonstration pamusha peumwe venyu.

Activity 3

Batsiranai kuvakira umwe neumwe venyu danga rinoenderana nemombe dzaainadzo.

Kuvhara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Sarudza mabhuru nematsiru okupfuya usanganise nenguva yakakodzera.

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1) Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

- Ndedzipi nguva dzinofanirwa kusanganiswa mabhuru nehadzi
- Ndezvipi zvinotariswa pakuchengeta nepakusarudza mombe yekuita bhuru uye ndezvipi zvinoda kucherechedzwa pakuchengeta mabhuru.
- Ndezvipi zvinofanirwa kucherechedzwa mukusarudza matsiru anoita vana mai vedanga.
- Zviratidzo zvemombe hadzi yavakuda kusangana nebhuru. Zviratidzo zvemombe yava padyo nekubara.
- Machengeterwe emhuru kubva ichangozvarwa kusvika nguva yekurumura

Activity 1

Isa varimi mumapoka mashanu vakurukure zvinotevera:-

- Ndedzipi nguva dzinofanirwa kusanganiswa mabhuru nehadzi
- Ndezvipi zvinotariswa pakuchengeta pakusarudza mombe yekuita bhuru uye ndezvipi zvinoda kucherechedzwa pakuchengeta mabhuru.
- Ndezvipi zvinofanirwa kucherechedzwa mukusarudza matsiru anoita vana mai vedanga.
- Zviratidzo zvemombe hadzi yavakuda kusangana nebhuru. Zviratidzo zvemombe yava padyo nekubara.
- Machengeterwe emhuru kubva ichangozvarwa kusvika nguva yekurumura

Kana vapedza ngavataurire vamwe vese zvabuda muhurukuro yavo. Tsigira hurukuro idzi nezvinotevera

Nguva inosangana mabhuru nematsiru kana mhou

Nguva inosangana mabhuru nematsiru kana mhou inofanirwa kuva pfupi chaizvo asi tisingaderedzi huwandu hwemhuru hunobarwa pagore. Kana tichisanganisa matsiru nemabhuru zvinofanirwa kuitwa kwemavhiki mapfumbamwe chete. Nguva iyoyo yatinosanganisa mabhuru nematsiru nenguva inozobatira zamu uye

panozobarwa mhuru dzese dzvinofanirwa kuti dzipindirane nenguva inenge iine mafuro akanaka (muzhizha). Table iri pasi apa inoratidza nguva inokurudzirwa kuti mabhuru nehadzi zvisanganiswe pamwe nenguva inokurudzirwa kuti mhuru dzibarwe.

Region	Bulling Season (Nguva inokurudzirwa kusanganisa mabhuru nehadzi)	Calving Season (Nguva inokuridzirwa kuti mhuru dziberekwe)
High veld	Nov 15 – Feb 13	Sept – Oct – Nov
Low veld	Dec 15 – Mar 16	Oct – Nov – Dec

Zvakakosha kutsaura matsiru nemhou kuti dziteerwe pakasiyana. Itai kuti matsiru atange kutererwa masvondo 4 – 6 mhou dzozoteerwawo kuiitira kuti panobara matsiru muzova nenguva yakakwana yekupa rubatsiro rwakakwana. Nguva yakanaka kuzvara, masvondo 6-8 mafuro ava kuda kunatsa kanaka nekuda kwemvura inenge yanaya. Mhuru dzinobarwa nguva iyi yadarika hadzikwanisi kunatsa kuwana mukaka vakakwana nekuti mai vadzo anenge asiri kuwanawo mafuro akakwana. Mhuru idzi dzinobatwawo nezvirwere zvakanyanya.

Kusarudza nekuchengetedza mabhuru

Bhuru riri kukura rinovhiringika nyore kana chikafu chikasaita zvakanaka kudarika bhuru rakura. Kushaikwa kwechikafu kubhuru rakura kunogona kugadzirika zviri nyore kudarika chikafu chikashaikwa bhuru richiri kukura. Kupawo chikafu chakawandisa kunoita kuti bhuru risashande zvakanaka. Mabhuru anenge akura anoda kupiwa chikafu chine mwero uri pakati nepakati (maintenance diet). Kana isiri nguva yekuti asangane nehadzi mabhuru anofanirwa kuchengetwa pawo ega achinatsa kuongororwa kuti arikudya kana kufura zvakanaka here ari mumapaddocks 2 – 3 zvichienederana nehuwandu hwao. Nhamba yehadzi dzinoteerwa nebhuru rimwe chete yakakosha zvikuru nekuti ikasa cherechedzwa hadzi hadzibari mhuru dzakawanda sezvinotarisirwa. Bhuru rimwero rinotarisirwa kuteera hadzi 25. Kana muchisarudza bhuru rekushandisa kuteera hadzi munofanirwa kuchererechedza nhoroondo yebhuru racho zvinorevavo kutarisa dzimwe mombe dzakabarwa mushure mekunge rateera hadzi kuti dziri kukurawo sei. Pane zvimwewo zvinotariswa kana muchida kuona kuti bhuru rinokodzera here kuteera mombe dzenyu hadzi zvakaita sekuti:-

a) Makumbo akasimba akatwasuka
b) Hurume hwaro haufanirwi kungorezuka rezuka
c) Muromo waro unofanirwa kunge vakafara pamwe nekugarawo vakatoterera
d) Rinofanirwa kunge rakasimba (masculine)

Cherechedzai mufananidzo uri pasi apa vechimiro chakanaka chebhuru



Mwaka vekuti musanganise mabhuru nehadzi usati vakwana munofanirwa kutarisirwa kuti mabhuru enyu akasimba here nevanoita zvehutano hwezvipfuyo ve veterinary services inonzi *Breeding soundness evaluation*. Panotariswa chimiro, kusimba kwebhuru, kukura kwemabhora anogadzira mbeu, quality yembeu inoburitswa nebhuru nedzimwewo nguva mawandire esimba rekunzwa kuda kutasva hadzi. Pane hukama huripo pakati pekukura kwemabhora ebhuru nehuhwandu hwembeu hunoburitswa nebhuru. Mabhora akakura anotarisirwa kubarisa matsiru anokasika kusvika nguva yekuteerwa kana matsiru acho achiwana chikafu chakakwana. Varimi vanogonawo kupima kukura kwemabhora emabhuru vachishandisa tambo kutenderedza mabhora vozoisa paruler kuti vaone kukura kwacho sezviri mumufananidzo uri pasi apa.

a



b






Kusarudza matsiru ekubarisa

Matsiru anosarudzwa kuti aite vana mai vedanga, ndiwo musimboti vedanga. Matsiru anoda kuvana chikafu chinoita kuti nyatso dzacho dzizokwanisa kugadzira mukaka vakakwana. Haanyanyi kuda kupihwa maconcentrates anozoita kuti anyanye kukoresa, zvinova zvinozoita kuti asazobatire zamhu nekubara zvakanaka. Matsiru amhando huru dzemombe anowanzosvika zera rekutanga kuda kuteerwa pa270 kgs asi emhando diki anosvika zera iri pa 240kgs. Tarisai mufananidzo wetsiru rakakudzwa zvakanaka uri pasi apa.



Zvinotariswa kana tichisarudza matsiru anoita kuita vana mai vedanga.

- Inofanirwa kuva iine chimiro chakanaka, isina kunyanya kukora kana uye isina kuonda. Dehwe rayo rinofanirwa kunge risina kukoresa, uye rinofanirwa kunge richipenya.
- Musoro vetsiru racho unofanirwa kunge vakachena, muromo vetsiru racho unofanirwa vakafara uye mutsipavacho vakati rebei.
- Diti racho rinofanirwa kuva rakafara, mbabvu dzinofanirwa kunge dzakafara, dzakati tsepete, dzakakora uye dzakarerekera kunzeve.
- Makumbo anofanirwa kunge akasimba uye akatwasuka, musana unofanirwa kunge vakareba uye pamusoro pawo pakati fareiwo zvishoma.

- Zamu rinofanirwa kunge rakafara uye nyatso dzakatarangana zvakanaka pazamu. Nyatso dzinofanirwa kunge dzakareba zviri pakati nepakati. Ganda rezamu rinofanirwa risina kuomarara.
- Kukura kwemusoro, mutsipa, muviri vese pamwe nemapendekete zvinofanirwa kunge zvakaenderana nezvinotarisirwa pamatsiru.

Nguva yekuteererwa kwehadzi (Oestrus/heat period) nekubara kwayo

Iyi ndiyo nguva inoti kana hadzi ikatasva nebhuru kana dzimwe hadzi inoramba yakamira. Ndiyo nguva yekuti ikateerwa nemukono inotarisirwa kuti isatadze kubatira zamu. Nguva iyi inoreba 18 hours asi mumatsiru inogona kuita pfupi zvishoma kudarika mumhou.

Zviratidzo zvacho zvinoti:-

- Hadzi yacho inotasva dzimwe hadzi
- Hadzi yacho haigarisiki
- Inozvimba kuvulva kunobuda neweti
- Haititizi kana ichitasva nebhuru inoramba yakamira
- Inobuditsa madzihwa akaita mvura

Panguva iyi, nguva yakanyanya kunakisa kusanganisa hadzi nemukono ndoonguva iyo:-

- Kumucheto kwe 18 hours
- Madzihwa kana aakubuda akati korei achirerembuka
- Kumasure kuchaka zvimba
- Hadzi painenge yatiwa

Nzvimbo yekubarira inofanirwa kuva:-

- Yakachena uye kure nezvingangokuvadza mhuru kana mai.
- Pasingasviki zvinokwanisa kudya mhuru kana mai vayo
- Ichidziya

Zviratidzo zvekuti mombe yava kuda kubara

Nguva yekunge mombe ichiri kure nekubara	**Zviratidzo**
2 - 3 weeks	Zamu rinotanga kuzvimba nemukaka

1 week	Dumbu rinotanga kuzvimba pamberi pezamu
Yava kuda kutobara	• Inotambisa muswe • Inoburitsa mvura dzemuchibereko • Kumasure kunozvimba zvakanyanya • Mhino netsoka dzekumberi zvinobudawo mushure • Mhuru inobuda kwapera maawa mairi kana imwe

Kutadza kubara zvakanaka kwemombe

Matsiru mazhinji mumaruva anosangana nedambudziko rekutadza kubara zvakanaka naizvozvo mombe idzi dzinonatsoda kucherechedzwa kana dzava kuda kunobara pamwe nekutozobatsiridza. Izvi zvinokonzerwa nekunge mhuru yakakurisa zvinokonzerwawo nekushandisa mabhuru akakurisa kana hadzi diki. Zvinogona kukonzerwawo nekunge mhuru isina kugara zvakanaka muchibereko. Munogona kushandisa macalving ropes kana kubatsirwa neve veterinary services kana zvakanyanyisa kushata.

Kuchengeta mhuru yabva kubarwa

- Madzihwa anofanirwa kubviswa pamuromo nemhino yemhuru
- Isa kauswa mumhino yemhuru kuti ihotsire itange kufema
- Siyai mai vemhuru kuti vainanzve
- Onai nekubatsira kuti mhuru iyamwe muma awa 2-3 yabva kubarwa
- Onai kuti mhuru yayamwa kanosvika kana kudarika kanomwe mumazuva mana ekutanga
- Isa tincture of iodine paguvhu pemhuru kana imwewo mishonga kuti isa pindwe nehutachiwana uye kuti pakasike kuoma.
- Zvinobuda mumashure mekubereka pana amai zvinofanirwa kudonha pasati padarika maawa 24. Kana zvisina dhonzai chibve zvinyoro nyoro.

Kukosha kwemukaka wekutanga (colostrum)

Kumwiwa kwemukaka wekutanga nemhuru mukati memaawa matatu yabva kuzvarwa kwakakosha nekuti mune chikafu, chinodzivirira zvirwere (ma antibodies) nezvinobatsira kuti mhuru ikwanise kuburitsa ndowe yayo yekutanga. Kukadarika maawa 12 mhuru isati yamwa mauto emuviri (antibodies) ari mumukaka wekutanga, haizovani akakwana nekuti huwandu hwawo hunenge hawa kuderera.

Chikafu chinopihwa kumhuru chinofanira kukwanisa kuti mhuru ivedzere huremu ne 1.5 kg pazuva. Chikafu chinovana mhuru pazuva chinofanirwa kupa

- Mvura - 10% yehuremu hwemhuru
- Solid feed - 3% yehuremu hwemombe
- 14.16% yeprotein pachikafu chapihwa
- Dry matter - 8-10 MJ /kg

Panopera svondo mhuru dzinofanirwa kunge dzava kukwanisa kudya 2kg dzechikafu pazuva.

Mhuru inofanirwa kugara pasingaishungurudzi nekuda kwechando, kupisa, kana hunyoro hunoita kuti ibatire zvirwere uye zvichidzikisira kukura kwayo. Kana tichigadzira imba yemhuru ngationei kuti imba yacho:-

1) Hainetsi kugeza nekumwaya mushonga
2) Inogara yakaoma mukati mayo
3) Inodzivirira mhuru kubva mukupisa kana kutonhora kwakanyanyisa
4) Ine rujeko pamwe nenzvimbo yekugara zvakakwana
5) Inofamba mhepo zvakanaka
6) Haiiti kuti mhuru dzibatire zvirwere

Cherechedza mufananidzo uri pasi apa vemhando yemba inokurudzirwa

Hurongwa hwekudhoza mhuru

Mhando yemakonye emuura	**Paanogara**	**Mushonga**	**Mushonga unopihwa riini**
Tapeworm	Small intestine	Systamex Valbazen	6 wks–9 mths
Roundworm	Abomasums	Systamex Valbazen	2 wks after rains in Nov, Jan-Feb, AprilMay
Liver Fluke	Liver and bile duct	Rafazole Ranide Systamex+	Nov, Jan, Feb, April, May

Kuvhara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Kutena mombe

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.
2. Tsvaga zvinoda kushandiswa pakutena mhuru pamwe nemhuru nhatu dzasvika zera rekutenwa, uzoratidzire vamwe varimi maitirwe enzira imwe neimwe. Unogona kubatsirwavo nevamwe varimi kana varimisi vane hunyanzvi mukutena mhuru mukuratidzira nzira idzi.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

a) Mombe inotenwa yakura zvakadii?
b) Zvikonzero zvinotenerwa mombe.
c) Nzira dzinogona kushandiswa kutena mombe.

Activity 1

Vari mumapoka, varimi ngavakurukure zvinotevera:-

a) Chii chinonzi kutena mhuru, zvinoitirwei uye zvinoitwa kana mombe yakura zvakadii?
b) Nzira dzinogona kushandiswa kutena mhuru uye nzira imwe neimwe inofambiswa sei.

Tsigira zvinenge zvabuda muhurukuro neizvinotevera:-

- Mhuru dzinofanira kutenwa dzichiri duku kubvira dzine mazuva matatu kusvika mwedzi mitatu zvichienderena nenzira yokutena yamunoshandisa. Zvikonzero zvekutena mhuru ndezvinotevera:-
    - Mhuru dzakatenwa dzichiri duku dzinokura zvakanaka, dzinoita nyama yakanaka, uye dzinopa mari yakawanda pamaketi.
    - Kutena mhuru kunoita kuti mudanga menyu musaite rudzi rwemombe rwakaderera.
    - Zvinoita kuti mombe ipfave
    - Mobe dzakatenwa dzinodya zvakanaka, hadzirwi nedzimwe mombe (dzinopedza nguva zhinji dzichidya panze pekurwa nekutasva dzimwe mombe) kana dzikaiswa mumatanga ekukodzera.
    - Mombe dzakatenwa dzinoita nyama yakapfava uye iine mafuta pazera diki.
    - Nyama yemombe dzisina kutenwa inoita hwema husina kunaka

  Cherechedzai kuti kuti nonokei zvishoma kutena mhuru kunoita kuti ikasike kusvika huremu hwekusiya mukaka pamwedzi mishoma.
  Asiwo zivai kuti ikanyanya kunonoka kutenwa kuitena kunozonetsa, inorwadziva zvakanyanya uye inogona kukuvara.
  Kazhinji mhuru inotenwa nguva imwe chete painopiswa nyanga
- Nzira dzinogona kushandiswa kutena mombe dzinoti:-

  Kushandisa Burdizzo
    - Panzira iyi munodzonza munogadzirwa mbeu kwaakuisa tsinga dzinofambisa mbeu pakati pemazino eBurdizzo.

- Munovhara burdizzo zvakasimba nekukasika kuti mugure tsinga dzinofambisa mbeu.
- Nzira iyi inonyanya kukurudzirwa kumombe dzenyama, inokasika, hapana ropa rinobuda asi inoda hunyanzvi.
- Inogona kuitwa panguva imwe chete inopiswa nyanga pamwedzi 2-3 mombe yabarwa.

Kushandisa banga

- Munocheka kudzasi kweganda rakatakura mabhora anogadzira mbeu, kwaakudhonza mabhora acho. Munobva macheka tsinga dzinofambisa mbeu nebanga.
- Nzira iyi inogona kushandiswa pazera ripi zvaro asi hazvibvumirwi nemutemo, kuita izvi pamombe yadarika gore kana musina mushonga unoita kuti mombe isarwadziwe pamunenge muchiicheka.
- Nzira iyi inoda hunyanyanzi hwakati nyanyei uye inononoka. Inodawo zvakare mishonga yekuzorapa maronda anenge akonzerwa nekucheka nebanga.

Elastrator ring method

- Iyi inzira inononoka zvakanyanya uye inofanirwa kuita musondo rekutanga muhupenyu hwemhuru.
- Inzira inonyanya kurwadza.
- Munoisa elastrator ring pamusoro pemabhora anogadzira mbeu. Elastrator ring iyi inofanirwa kuva iri mudhuze nedumbu remhuru zvakanyanya. Izvi zvinoita kuti ropa ritadze kusvika kudzasi zvinoita kuti mabhora afe odonha papera nguva inokwana kuita masondo mairi.



Activity 2

Varimi nagavakurukure nzira yavanofunga kuti ndiyo yakavanakira uye inoenderana navo vachipa zvikonzero.

Activity 3

Ratidza varimi matenerwe anoitwa mhuru uchishandisa nzira nhatu dzakurukura pamusoro.

Activity 4

Rongai zuva ramunounganidza mombe dzenyu dzinoda kutenwa mobatsirana kudzitena muchitsigirwavo nevarimisi venyu kana musati mava nehunyanzvi hwakakwana.

Kuvahara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Kupisa nyanga dzemombe

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.
2. Tsvaga zvinoda kushandiswa pakupisa nyanga muchishandisa dehorning iron nepakushandisa saw kuti uzoratidze vamwe varimi maitirwe azvo. Unogona kubatsirwavo nevamwe varimi kana varimisi vane hunyanzvi mukupisa/kucheka nyanga dzemombe.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

1. Zvakanakira kuchengeta mombe dzisina nyanga
2. Nzira dzinoshandiswa kupisa/kucheka nyanga dzisati dzabuda nenyanga dzakura uye maitirwe azvo

Activity 1

Varimi ngavapinde mumapoka mairi vakurukure pamusoro pezvinotevera. Kana vapedza ngavataurire ungano yese yevarimi zvabuda muhurukuro yavo.

Boka rekutanga ngarikurukure pamusoro pezvinotevera:-

a) Kupisa nyanga kuita sei.
b) Zvakanakirei kupisa kana kucheka nyanga dzemombe?

Boka rechipiri ngarikurukure nzira dzinogona kushandiswa kucheka kana kupisa nyanga dzemombe uye kuti nzira imwe imwe neimwe inoitwa sei.

Tsigira zvabuda muhurukuro iyi nezvinotevera:-

- Kana tichipisa kana kucheka nyanga dzemombe tinenge tichida kuuraya moyo venyanga pamwe neganda rakatenderedza nyanga kuitira kuti nyanga isakure.
- Zvakanakira mombe dzisina nyanga ndezvinotevera:-
  Hadzinetsi kushanda nadzo uye kushanda nadzo kune ngozi shoma
  Mombe dzisina nyanga hadzikuvadzane nekutungana uye matehwe emombe dzemudanga rinemombe dzakadai anenge akanaka. Zvakare, mhuru dzati kurei hadzikuvadzi nyatso dzemhou kana dzichiyamwa.
  Mombe dzisina nyanga hadzidi nzvimbo yakakura pazvidyiro, mumota dzinotakura zvipfuyo kana mudanga rekugara.
- Nyanga dzemhuru dzinofanirwa kupiswa kana nyanga dzaakunzwika nemaoko asi dzisati dzabuda asi kazhinji mwedzi usati vapfuura kubva pakuzvarwa kwemhuru. Munofanirwa kupisa moyo venyanga neganda rakatenderedza nyanga. Mukasapisa zvakanaka, nyanga isina kuumbwa zvakanaka inomera.
- Kana mombe yati kurei isina kupiswa nyanga inofanirwa kubviswa isati yapfuura 50mm nechekuchekesa chakapinza, mopisa ronda pamwe neganda rakatenderedza nyanga.
- Pane nzira nhatu dzinogona kushandiswa kupisa/kucheka nyanga dzinoti:-

  Dehorning iron/ kupisa nyanga nesimbi yekupisisa

  - Isai simbi yekupisisa pamoto vehuni, gas kana magetsi (moto vemagetsi neve gas ndounonyanya kukurudzirwa nekuti kupisa kwacho kunobuda zvakaenzana nguva dzose).
  - Isai dehorning iron pamoto kusvika yatsvuka zvishoma moisa panyanga yemhuru muchitenderedza zvishoma nezvishoma panyanga yemombe kwemaseconds 3-5 (kwete muchimonyorora).

- Munogona kutanga macheka nyanga kana kudzasi kwenyanga kwakafarisa. Kana nyanga yanyanya kukurisa, shandisai surgical wire kana saw asi cherechedzai kuti panodiwa mushonga vekuti mombe isarwadziwe. Kuitira kuti pasabude ropa rakawanda, shandisai hydrogen peroxide uye edzai kuzviita nguva yechando. Zvironda zvinofanirwa kugara zvichitariswa kuti zviri kupora zvakanaka here.



1. Isa simbi yekupisisa panyanga



2. Tenderedza simbi yekupisisa zvishoma nezvishoma kuti nyanga iregedzeke



3. Para nyanga yese ibude

Chemical dehorning/kushandisa mishonga yekupisa nyanga

- Munogona kupisa nyanga ne caustic soda/ sodium dioxide kana imwevo mishonga yakatarirwa izvozvo.
- Izvi zvinoitwa mukati memazuva mairi mhuru yabva kubarwa.asi musati maita izvi, tangai magera mvere dzakatenderedza nyanga.
- Nzira iyi hainyanyi kushandiswa nekuti mushonga uyu unovanzozoposherwa pane dzimwevo nhengo dzemuviri zvinozoita kuti mhuru ipere kutsva muviri.

Surgical wire kana guillotine saw

- Nyanga dzanyanya kukura zvekuti kudzasi kwadzo kwanyanya kufara dzinogona kuchekwa ne guillotine saw kana surgical wire padyo nemusoro vemombe.
- Munofanirwa kushandisa mushonga vekuti mombe isarwadziwe uye munofanirwa kubatsirwa nevashandi vekuveterinary. Kurasikirwa kweropa kunogona kudzivirirwa nekupota muchipukuta chironda nehydrogen peroxide. Chironda chinofanirwa kurambawo chichidzivirirwa kuti chisapinde hutachivana pamwe nekumharwa nezvipembenene kusvika chaoma.



Activity 2

Ratidzira varimi mapisirwe enyanga yemhuru diki vozovaratidzira machekerwe nemapisirwe enyanga dzakura

Activity 3

Rongai zuva rekuti muunze mombe dzenyu dzinoda kuchekwa/kupiswa nyanga pamwe chete, mubatsirane kucheka/kupisa nyanga.

Kuvahara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Kudhoza mombe

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.
2. Tsvaga zvinoda kushandiswa pakudhoza mombe kuti uzoratidze vamwe varimi zvinoitwa pakudhoza mombe. Shandisai mvura panzvimbo yemushonga chaivo kana isiri nguva yekudhozwa kwemombe. Unogona kubatsirwavo nevamwe varimi kana varimisi vane hunyanzvi.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

1. Zvakanakira kudhoza mombe neguva yakafanira.
2. Nguva yekudhoza mombe.
3. Madhozerwe emombe nezvinoshandiswa kusanganisira mazita emishonga.

Activity 1

Isa varimi mumapoka matatu

Boka rekutanga ngarikurukure zvakanakira kugara uchidhoza mombe pamwe nenguva dzinofanirwa kudhoza mombe.
Boka rechipiri ngarikurukure zviratidzo zvekuti mombe ine makonye mudumbu.
Boka rechitatu ngarikurukure zvinoitwa nemabatirwe emombe kana ichidhozwa.

Tsigirai zvabuda muhurukuro nezvinotevera

- Makonye emuura pamwe nechitaka anokonzera kuti mombe dzisakura zvakanaka, nokuti makonye onosveta ropa pamwe nokukuvadza matumbu.
- Mombe ine makonye mudumbu inogona kuonekwa nezvinotevera: - kuita manyoka, kuondoroka, kumisa ukushe, kuzvimba gurokuro (*bottle jaw*), mhuru dzinoonekwa chimimba-mutekwa (*pot belly*) nekusakura (*stunted growth*).
- Mombe dzinofanira kudhozwa kaviri kana katatu pagore (patinopinda mune umwe mwaka pega pega) zvichienderana ehuwandu hwemakonye munzvimbo iyoyo:- mombe dzave kupinda mumashanga, mvura yekutanga ichangonaya nepakati pemwaka wekunaya kwemvura.
- Mishonga inenge iri yemvura inogona kumwiswa mombe nemukamwa muchishandisa bhodhoro rine huro yakareba, dosing gun kana syringe yakakura. Sumudzai musoro vemombe zvishoma moisa mushonga nekurutivi rwemuromo zvinobvumira kuti mombe imedze mushonga zvakasununguka. Kana mukasimudzisa musoro zvakanyanya kana kuti rurimi rwemombe rwakabuda, zvinokanganisa kumedzwa kwemushonga zvinoita kuti mushonga upinde mumapapu. Izvi zvinokonzera pneumonia inogona kuuraya mombe. Madosing gun anoda kugara achiongororwa kuti ari kushanda zvakanaka here.

Activity 2

Kurukurai mishonga yamunoziva inovanikwa nekushandiswa munharaunda yenyu pakudhoza mombe pamwe nenguva yainoshanda. Kunemishonga inouraya mhando nhatu dzemakonye ma roundworms, tapeworm nemaflukes. Murimi onofanira kutenga mushonga zvichienderana nemhando yemakonye anowanika munharaunda yake. Zvinokosha kuti murimi adhoze zvipfuyo zvake sezviri pakarenda yezvipfuyo. Rongai kuti murimi umwe neumwe muboka renyu ave nekarenda rezvipfuyo. Zvakanaka kuti mukurukurevo nezvemitengo yemushonga pamwe nepaunovanikwa padyo. Batsiranai kuona kuti panguva imwe neimwe inoda kudhozwa mombe, boka renyu ringade mushonga vakawanda sei. Rongai seboka kuti mutenge mushonga pamwe chete umwe neumwe achitenga unoenderana nemombe dzake.Munogona kupota muchiunza mombe dzenyu pamwe chete muchidhoza pamwepo.

Activity 3

Ratidzai varimi vemuboka renyu madhozerwe emombe muchishandisa dosing gun, syringe ne bhodhoro. Varatidzewo mapimirwe emushonga.

Kuvahara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Kurumura mhuru

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.
2. Tsvaga maweaning plates pamwe chete nemhuru dzasvika zera rekurumurwa pamombe dziri munharaunda menyu kuti uzoratidze vamwe varimi maisirwe e weaning plate.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

a) Zera rekurumura mhuru
b) Zvakakoshera kurumura mhuru panguva yakafanira
c) Nzira dzinogona kushandiswa kurumura mhuru
d) Kuisa weaning plate pamhuru yasvika zera rekurumurwa

Activity 1

Isa varimi mumapoka maviri:-

Boka rekutanga ngarikurukure kuti mhuru inofanirwa kurumurwa yakura zvakadii uye zvakakosherei kurumura mhuru pazera iri?
Boka rechipiri ngarikurukure nzira nhatu dzinogona kushandiswa kurumura mhuru.

Kana vapedza kukurukura ngava taurire vamwe varimi vese zvavabuda nazvo.

Tsigira hurukuro neizvi:-

- Mhuru inofanirwa kurumurwa kana yava nemwedzi mitanhatu. Haifanirwi kusvika mwedzi minomwe isati yarumurwa. Panguva iyi mhuru inenge yava kugona kuzvifurirawo yega kana kudya chikafu chekugadzira. Izvi zvinopa nguva kunamai vayo kuti vatangevo kuvaka muviri vavo kugadzirira kutakurazve imwe mhuru nekuti chikafu chose chinenge chava kushandiswa kuvaka muviri vamai/mhou.
- Nzira nhatu dzinogona kushandiswa kurumura mhuru dzinoti:-
  Kuvharira mhuru kuti igare payo yega isingasangani namai vayo pamwe nedzimwe mombe.
  Nzira iyi inogona kushungurudza mhuru nekuti haichina mai anoichengeta uye zvinogona kuita kuti mhuru ibatire zvirwere kana mhuru ikasachengetedzwa zvakanaka.
  Kuisa mhuru kune dzimwevo mombe dzisiri dzemudanga rayo kuti igare pamwe nekufura nadzo.
  Izvi zvinoitirwa kuti kushungurudzika kuite kushoma.
  Kushandisa weaning plate.
  Tinorumura mhuru tichishandisa weaning plate inoiswa pamhuno kuti mhuru irege kuyamwa asi ichifamba namai vayo semazuva ose.

Activity 2:-

Ratidza varimi maisirwe eweaning plate pamhuru yasvika zera rekurumurwa. Kana painewo mhuru dzakawanda pananai mukana vekuisa maweaning plates pamhuru.




Kuvahara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Kuyera uremu hwemombe

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.
2. Tsvaga tape measure, tambo yakareba 2.5m pamwe neweigh belt zvekuzoshandisa pakupima kurema kwemombe. Itawo kuti musi vechidzidzo pazoita mombe shanu kuenda mberi dzekuzopima, uye pamunoda kuzoitira chidzidzo ngapave paine mufaso.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

1. Zvakanakira kugara muchitora huremu hwemombe
2. Nzira dzinogona kushandiswa kupima kurema kwemombe
3. Kupima huremu hwemombe

Activity 1

Kurukura zvinotevera nevarimi:-

Chii chakanakira kugara muchipima huremu hwemombe dzenyu?

Varimi ngavadome nzira mbiri dzinogona kushandiswa kupima huremu hwemombe, uye kuti nzira imwe neimwe inofambiswa sei?

Tsigira zvabuda muhururkuro yenyu nezvinotevera:-

- Kugara muchiera mombe dzenyu panguva dzakasiyana siyana kwakanakira kuti mukwanise kuita zano maererano nezvakasiyanana siyana zvinosanganisira kupa chikafu chekuvedzera munguva yechirimo, pamwe nekusarudza mombe dzinoita kuitiswa zvakasiyana siyana kusanganisira kutengesa.
- Kuera mombe hakufanirwi kungoramba kuchingoitwa nguva dzese dzese. Mombe dzinofanirwa kusopimwa huremu nguva imwe chete yezuva yadzinenge dzajaira kusopimwa.
- Unogona kushandisa scale, tape measure, tambo yaunozoisa patape measure kana weigh belt.
- Kana uchida kupima huremu hwemombe usina scale, ita kuti imire pari level, voisa tape measure, tambo kana weigh belt, vakatenderedza muviri vemombe, pamashure pemakumbo ekumberi sezvaratidzwa mumufananidzo uri pasi apa. Kana vashandisa tambo unofanirwa kuzopima kuti pawapima pakareba sei. Kana vapedza izvozvo, chitarisa kuti zvavapima zvinoenderana nehuremu hwakadii hwemombe uchishandisa table yakapihwa pasi apa. Kana vashandisa weigh belt unongotarisa pa weigh belt ipapo kuti huremu hurikupihwa hwakakura sei.

Maremero emombe zvichienderana nezvapimwa



Distance round the body in cm	Approximate weight of cattle in Kg
70	40
75	45
80	50
90	70
100	98
120	150
140	232
160	330
180	485
190	558

Activity 2

Isai mombe mumufaso moshandisa tambo kana tape measure kupima huremu hwemombe muchibatsirwa ne table iri pamusoro kuti muone kuti mombe dzamuinadzo dzinorema sei. Murimi vese ari muboka renyu ngaapihwe mukana vekupimawo mombe.

Activity 3

Kana mapedza kupima netambo ne tape measure, ratidza varimi kuti kana uchishandisa weigh belt, unopima sei kurema kwemombe. Chipawo murimi umwe neumwe mukana vekupima mombe achishandisawo weigh belt.

Activity 4

Kurukurai kuti ndeipi nzira iri nyore pakati pekushandisa tape measure nekushandisa weigh belt. Ndeipi yakakuchipirai sevarimi vemuboka renyu? Ndeipi inonatsopa huremu musingazonyanyi kuita zvekufungidzira pakati penzira idzi dziri mbiri? Itai tsvakiridzo yekuti weigh belt inoita marii moronga kuti seboka mungavane sei weigh belt muboka renyu rimwe kana kuti umwe neumwe ave nerake.

Kuvahara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Kubaya majekiseni okudzivirira zvirwere

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.
2. Tsvaga calender rinoratidza nguva dzinofanirwa kubaiwa mombe majekiseni pamwe nekupa mishonga yekuuraya makonye emuura. Unogona kuriwana kuvarimisi weveterinary kana vemakambani anotengesa mishonga yemombe. Tsanangurirwa madudzirirwe zvakanyorwa kuti uzogona kubatsirana nevamwe varimi.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

1. Chii chinonzi vaccine yakakosherei uye inoshanda sei.
2. Ndezvipi zvirwere zvatinofanirwa kudziwirira mumombe dzedu tichishandisa mavaccines, uye panguva dzipi?

Activity 1

Kurukura zvinotevera nevarimi:-

- Zvirwere zvemombe zvinowanikwa munguva yegore yakasiyana saka mombe dzinofanira kubaiwa majekiseni anonzi mavaccines okudzivirira.
- Vaccine mushonga ane tumpukanana tunokonzera zvirwere asi tusina simba rwekurwarisa. Ukabaiwa kumhuka mushonga uyu, unoita kuti mombe igare yagadzirira kuzorwa nechirwere chacho chaicho pachinouya.
- Zvirwere zvinogona kudzivirirwa nekubaya mavaccines ndoozvinoti:-
    a) Lumpy skin disease (chirwere chemapundu) – mombe dzinofanirwa kubaiwa August – September gore rega rega.
    b) Brucellosis (Contagious Abortion) – Mombe dzinofanirwa kubaiwa mushonga dzava nemwedzi 3 – 8. Mombe dzinongobaiwa kamwe chete muhupenyu hwadzo. Musabaye mabhuru pamwe nemombe dzine zamu. Zvakare musabaye kana kumwisa mishonga yama antibiotics panguva imwe chete yamunobaya vaccine iyi.
    c) Anthrax – munzvimbo dzinovanikwa chirwere ichi gore negore, mombe dzinofanirwa kubaiwawo gore negore.
    d) Zvirwere zvinotapudzwirwa nezvikwekwe – mombe dzinobaiwa nguva yechando.
    e) Trypanosomosis – mombe dzinobaiwa gore negore muchishandisa mushonga unonzi Samorin.
    f) Tarisaiwo pacalender renyu zvimwevo zvirwere zvinobairwa mavaccines mukurukure pamusoro pazvo.

Activity 2

Tarisai pacalendar remishonga yemombe kuti seboka mombe dyenyu dzese dzingade mushonga vekudzivirira chirwere chimwe nechimwe vakawanda zvakadii vegore. Onai kuti mushonga ungadiwe kubva zvino kusvika gore rinouya nguya imwe cheteyo ungaite marii. Rongai kuti muunganidze mari zvichienderana nemombe dzine umwe neumwe kuti mutenge mishonga inodiwa panguva imwe neimwe. Inochengeteka kwegore munogona kubva maitenga kamwe chete asi isingaiti, munozotenga kana nguva yacho yaunodiwa yakwana. Rongaiwo kuti murimi umwe neumwe akwanise kuwana calendar rakewo rekubaiwa kwemombe pamwe nemishonga yekuuraya makonye emuura.

Kuvahara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Kupa chikafu chekuwedzera

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1) Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.
2) Gara vagadzirira kuti pari kuda kuitirwa chidzidzo pazova negomba rekuitira ammoniation, rekugadzira silage pamwe nerekugadzirira hay bale.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

a) Huwandu hwechikafu chinodiwa nemombe pazuva
b) Kudya kunofanirwa kuvanikwa muchikafu chemombe
c) Mhando dzezvikafu zvemombe
d) Kudya kwokuwedzera munguva dzechirimo
e) Nzira dzokuvandudza kudya kwemombe

Activity 1

Isa varimi mumapoka matatu kuti vakurukure pamusoro pezvinotevera, vozoudzawo vamwe zvabuda muhurukuro yavo:-

a) Huwandu hwechikafu chinodiwa nemombe pazuva, Kudya kunofanirwa kuvanikwa muchikafu chemombe
b) Kudya kwokuwedzera munguva dzechirimo
c) Nzira dzokuvandudza kudya kwemombe

Tsigira hurukuro yenyu neizvi:-

Huwandu hwechikafu chinodiwa nemombe pazuva

Mombe dzinoda chikafu chineutano hunovaka muviri kuti dziite nyama yakawanda, dzibudise mukaka wakawanda, dzikure zvakanaka, dziwane simba rekurima pamwe nokubata zamu.
Chikafu chemombe chinofanira kudyiwa pazuva chinoendererana nezera, uremu, hutano hwemombe pamwe norudzi rwechikafu chadziri kupiwa. Mombe inofanira kuwana kudya kunosvika pa 2.5-3% yeuremu hwayo.

Kudya kunofanirwa kuvanikwa muchikafu chemombe
Kudya kwemombe kunofanira kuva kuine zvose zvinodiwa pakurarama kwemombe. Pane zvinhu zvitanhatu zvakakosha zvinofanirwa kuwanikwa mukudya kwemombe:-

1) Ma***Carbohydrates*** - kudya kunopa simba. Kudya uku kuzhinji kunowanikwa musora/mafuro, asi paguva yechirimo mafuro ari mashoma kudya uku kunowanikwa mukudya kwokuwedzera.
2) Ma***Proteins*** kudya kunovaka muviri. Kunowanikwa musora nyoro nemukudya kwokuwedzera. Kudya kwokuwedzera kwakagadzirwa ne*guar beans, soya beans* nenzungu ndiko kunopa ma*proteins* akawanda.

3) Ma***Minerals*** kudya kunosimbisa mabondo/mabhonzo. Miyenzaniso yema*minerals* i*Calcium*, *Phosphorous* ne*Copper*.
4) **Mvura** inokosha pakurarama kwemombe pakuti inopedza nyota uye ichibatsira pakuzeiwa kwechikafu.
5) Ma***Vitamins*** kudya kunopa simba nekudziyisa kumuviri kuzvirwere.
6) ***Roughage*** kudya kunobatsira kugaiwa kwechikafu muura mumatumbu emombe uye kuchipa simba kumuviri.

Mhando dzezvikafu zvemombe

Kune mhando nhatu dzinoti:-

MaRoughages

Anopa simba rinoshanda pakufamba kwemombe, kukura, kubereka mhuru, kuyamwisa mhuru pamwe nekudziisa muviri vemombe. Kana mombe ikadya zvakawanda kudarika zvainoda pamwero vayo, chimwe chikafu chemhando iyi chinogona kuchengetedzwa mumuviri vemombe. Chikafu chemhando iyi chakachipa asi chine mvura shoma, uye hachigayiki nyore mudumbu. Chikafu chemhando iyi chine kudya kwepamusoro chikafu chakaita sechibage, mapfunde nemhunga zvakagaiwa kana zvisina. Asiwo, simba zhinji rinobva mukufura kunenge kuine 45 – 50% yechikafu chinogona kugaiwa chichishandiswa nemuviri wemombe.

MaConcentrates

Chikafu ichi chine fibre shoma pamwe nemvura shoma (10%) asi chine chikafu chakawanda zvakanyanya chinogona kugaiwa chichishandiswa mumuviri vemombe (70%). Mune calcium shoma (0.05 to 0.2%) asi phosphorus yakati wandei (0.4 to 1.2%). Maconcentrates anoiswa mumipanda zvichienderana nekudya kwaanonyanya kupa. Kune maprotein concentrates akaita sema oil seed cakes (ane 30 - 50 % Crude Protein) nema energy concentrates anogadzirwa nechibage, soya beans, mapfunde nezvimwe zvakadaro (ane 80% yechikafu chinogona kugaiwa chichishandiswa nemuviri wemombe). Maconcentrates anodhura kushandisa nekuti anotengwa saka nekuda kwaizvozvo anongoshandiswa kuvedzera pamafuro.

MaSucculents

Ichi chikafu chese chine mvura yakawanda mumuviri (angori ne10 to 30% dry matter). Mazhinji acho anodyika zviri nyore nemombe uye anogona kudyiwa akawanda chaizvo zvakapetwa katatu madry feeds. Mienzaniso huswa hunyoro, silage, manhanga kana mavisi/mamwiwa.

Kudya kwokuwedzera munguva dzechirimo

Makarekare madzitateguru edu airarama nenyama, zvinoreva kuti nguva zhinji yaiperera mukuvhima. Kurima kwainge kuri kushoma, masango aive sharaude, mhando dzemiti pamwe nemhando dzakawandawanda dzeuswa dzaiwanikwa.
Pasi parohwa nenyundo, mhuka dzaveshoma vanhu vakatanga kugobora nekupisa masango vachida kurima. Nokudaro zvaakuita kuti mamwe marudzi emiti neuswa anyangarike kusvikira nhasi. Ufuro hwave kushomeka, vanhu vawanda. Zvave kuda kuita mhindupindu kuti zvipfuyo zviwane chikafu muzhizha nemuchirimo.
Munguva yezhizha zvipfuyo zvinowana ufuro hwakakwana mune dzimwe nzvimbo asi zvinoshaiwa mafuro munguva yechirimo nokuti vanhu vanopisa masango. Hezvinoi zvingaitirwa mombe munguva yechirimo. Mbeu dzakaita sechibage, mapfunde, nzungu,

nyemba neguar bhinzi kana tapedza kukohwa takafanira kutema mashanga acho achine ruvara rwemuvhuri wenyoka (*green*). Torega owoma kuitira kuchengetedza kudya kuri mumashanga acho. Tinogona kurimawo lablab, velvet bean, pigeon peas ne Leucaena.

Mashanga iwayo tinozoaisa mudara kana mutanhu (*fodder bank**stover rack*) yakareba mamita matatu nechidimbu kana mana apo mombe dzisingasvikiri. Mutanhu wacho unofanira kuvakirwa pane mumvuri. Mashanga iwawo anonyatso rongedzwa zvakanaka mhando imwe neimwe yemashanga zvichitevedzana zvakadaro kusvikira mutanhu wazara zvinoenderana neuwandu hwemombe. Nguva yokupa chikafu inoenderarana nokuti mombe dzave kuderera uremu pamwe noutano hwadzo zvakadii uye kuti mvura yakanaya zvokukudza uswa musango here.

Tinogonawo kucheka huswa kuti tigadzire hay. Huswa hunogona kuchekwa kana kurimwa mozocheka hwakaita seBana grass, Star grass neKikuyu grass. Huswa hunoda kuitiswa hay hunofanirwa kuchekwa husati hwatumbuka. Hwachekwa hunoda kusiiwa huchiomeswawo nezuva huchipindurudzwa kuti huome zvakanaka. Kana hwaoma munogona kuhusunga zvakanaka kana kuhutsindira nebailing box, hay baler kana mugomba sezviri mumufananidzo uri pasi apa. Huchengeterei pahusinganaiwe.



Nzira dzokuvandudza kudya kwemombe

Browse plus

Kudya kunotengwa muchitoro huri upfu, wosanganiswa nemvura kuti mombe dzinwe kana kusanganiswa nemashanga akatemwa temwa kuti mombe dzigone kudya zviri nyore.

Browse plus inoita kuti ma*protein* anodiwa nemombe awedzere mumashanga uye inoita kuti ura hwunyatso tapa maprotein kubva mukudya kwemashanga. Inoita kuti mombe dzifarire kudya mashanga uswa hwemhando yadzisingawanzo farira mazuva ose. Browse plus inoita kuti kuzeyewa kwechikafu kuve nyore. Ndove ye mombe inotetepa zviripakati nepakati iine ruvara rwe mumvuri wenyoka. Mhuka dzemusango dzino batsirikawo.

Sauti yegodo

Sauti inoita kuti mombe dzifure mashanga akawanda dzichipedza dzichiteedza kunaka kwesauti. 1kg yesauti inonyungudutswa mu 4 *litres* dzemvura. Mvura ine sauti iyi inomwaiwa pamashanga angaita 20kg. Huwandu hwekudya hunofanira kuenderana nehwuwandu hwemombe. Mashanga anoshandiswa anofanira kunge ari muzvidimbu zviripakati nepakati zvinoita kuti mombe dzifure zvakanaka. Mashanga amwaiwa mvura ine sauti anosiiwa kuti aome nokuti mombe dzinosema mashanga manyoro.




Madororo ehuku

Mashanga akasanganiswa nemadororo ehuku zvinoita kuti ma*proteins* awande mukudya kwemombe. Sanganisa 1kg sauti yemagodo ne2kg madororo wozvinyungudisa, wochimwaya pa20kg dzemashanga akadimburwa zviripakati nepakati, worega zvooma usati wapa mombe. Izvi zvinoitirwa kuti munhuwi wemadororo utapudzike mombe dzisati dzadya.

Manyuchi

Manyuchi kudya kwemombe kunemunhuwi wakanaka unokwezva domba zvekare anotapira seuchi. Manyuchi anosanganiswa nemvura ozomwaiwa pamashanga ane hwuwandu hwungaita 20kg zvichienderana nehwuwandu hwemombe dzirikupiwa chikafu. Manyuchi ane 3.2% *crude protein* iyo inodiwa zvikuru nemombe munguva yechirimo.

Mabiko 115 & K

Mabiko 115&K ine 115.6% *crude protein* inodikanwa zvikuru pachikafu chokuwedzera kumombe munguva yechirimo. Kudya uku kunosanganiswa nemvura yomwayiwa pamashanga oregerwa kuti aome mombe dzozodya aoma. Mabiko anogona kupiwa kumombe nenzira dzimwe dzingadai seye; muvhiri rinotenderera mudhiramu rizere nemabiko mombe dzonanzva Mabiko anonamira pavhiri parinotenderera. Imwe nzira ndeye kuisa kana kusanganiswa nemabandi echibage kana mhodzi dzedonje.
Sanganisa 5kg mabiko mu20*litres* dzemvura pamwe ne20kg dzemashanga zvichienderana nehuwandu hwemombe dzako.

Ammoniation

Tsanangura izvi uchiratidzira varimi:-
Mashanga emapfunde, chibage nezviyo ane ma*proteins* mashoma saka kuti tivandudze ma*proteins* tinoshandisa fotereza ye*urea* kana *ammonium nitrate*. Izvi zvinogoneka kana tikasanganisa 1kg yefotereza mu 4litres dzemvura kumwaya pamashanga anorema 20kg.
Chera gomba rakadzika mamita 1.5-2m, wowaridza purasitiki pasi wochidira zvisanganiswa zviya kusvika gomba razara wochivhara nepurasitiki wofusira. Unoshandisa dhiramu rizere mvura kutsindira gomba rine zvisanganiswa zviya kuti utapudze mhepo. Rega zvakadaro kwemasvondo mana kana mashanu (4-5 *weeks*).
Mushure memasvondo mana kana mashanu wovhura gomba kuti mweya weammonia upere mombe dzisati dzauya kuzodya. Izvi zvinoitwa nekuti fotereza inogona kukuvadza mombe kana ikaramba iri mukudya uku.
Zviratidzo zvemombe yadya muchetura wefotereza: kurara nekushaiwa rugare, kuburitsa masiriri nokubuda furo, kufufutirwa nekududa mweya unonhuwa seweti mumuromo. Mhedzisiro yacho kufa. Mombe yadya muchetura uyu ino gonakurapika nenzira dzinotevera:-

- Tora bhodhoro remafuta okubikisa rine mvura wosanganisa nesipo ye*surf* wonwisa mombe.
- Sanganisa hafu yevhiniga nehafu yemvura mubhodhoro remafuta okubikisa wonwisa mombe.
- Shandisa trochor ne canular kubaya parutivi rworudyi rwedubu remombe kuti mweya ubude, izvi zvinoda mumhu anoziva basa iri. Nwisa mombe hypo inotengwa muchitoro.

Activities 2-4

Ratidzira vamwe varimi ammoniation, kugadzira silage pamwe nekugadzirira hay bale.

Activity 5

Rongai kuti mumwaka vekurima uri kutevera mugare matenga mbeu dzekuzoitisa fodder. Tsvagai kuti dzinovanikwa kupi uye dzinoita marii mobatanidza mari monotenga mbeu inodiwa numwe neumwe venyu.

Kuvahara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Zvirwere zvemombe

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

1) Zvirwere zvinonyanya kubata mombe
2) Zviratidzo zvechirwere chimwe nechimwe
3) Madzivirirwe echirwere chimwe nechimwe
4) Maripirwe ezvirwere

Activity 1

Varimi ngavadome zvirwere zvavanoziva. Ngavabatsirane kutsanangudza zvinotevera pachirwere chimwe nechimwe:-

1) Zviratidzo zvechirwere chimwe nechimwe
2) Madzivirirwe echirwere chimwe nechimwe
3) Maripirwe ezvirwere

Tsigira hurukuro yenyu nezvinotevera:-

Kune zvirwere zvakawanda zvinogona kubata zvipfuyo zvedu. Zvirwere zvinokonzerwa nehutachiona hwakasiyana siyana hunosaganisira *protozoa*, *virus*, *bacteria* pamwe ne*fungus*. Zvimwe zvezvirwere zvinokonzerwa netupukanana tunokuvadza ganda, zvimwewo zvinowanikwa kubudikidza neufuro. Zvimwe zvichikonzerwa panosangana mhou nemabhuru. Nokuda kokuti zvirwere zvinobata mombe zvakawanda, varimi vanokurudzirwa kushanda pamwechete nebazi rehurumende reVeterinary Services nokuti idzi ndidzo nyanzvi pazvirwere zvemhuka dzinosanganisira zvipfuwo. Hurukuro yatinayo ichango bata zvirwere zvishomanana

Chirwere chemuromo namazondo (Foot-and-mouth disease)

Chirwere chemiromo nemazondo hachityirwi pamusana pokuti chinouraya mombe sezvingaita chigwadara. Kuipa kwacho kuri pakuti kana chaputika tinotadzisa kutengeserana nedzimwe nyika zviwanikwa zvekurima nekupfuya. Nyika dzemhiri kwemakungwa hadzitengi nyama nezvose zvinowanika kubva kumombe, kubva munyika mune chirwere chemiromo namazondo ichi.

Chirwere ichi chinobata mhuka dzine mazondo akaparadzana:- mombe, hwai, mbudzi nenguruve. Mhuka dzesango dzakaita senyati, mhara nenhoro dzinobatwao nechirwere ichi. Mhuka dzesango idzi kunyanya nyati ndidzo dzinochengetedza chirwere ichi chozotapukira kumombe kana dzasangana nemhuka dzesango idzi. Chirwere ichi chinopararira nenguva pfupi-pfupi kana changonyuka. Chipfuyo chinenge chabatira chirwere ichi chinopisa muviri, chichirega kufura, chinokamhina kana kuramba chakarara.

Pamiromo, parurimi pamhino nepakati pemazondo panoita matuhwani. Mhoni idzi dzinotushuka kuita maronda. Dzimwe mombe kunyanya mhuru dzinofa nechirwere asi zhinji dzinopona.

Kana chirwere chaputika mudunhu, mombe dzemudunhu imomo dzose dzinofanira kubayiwa majekiseni anoita kuti chirwere chidzimuke. Zvipfuwo zvinobatwa nechirwere ichi hadzibvumirwe kufambiswa kubva munzvimbo yaputika chirwere ichi. Parizvino zviri kutyirwa kuti chirwere chingapararire nenyika yose chichibva chayambukira munyika dzatakabatana nadzo.

Pane zvinhu zviviri zvinoda kukomekedzwa: chekutanga ndechekuti jekiseni rekudzivirira harina njodzi kumombe, hapana chakaipa chinoonekwa; madhonza anokwanisa kuramba achirimiswa uye mhou dzichipa mukaka.

Kana chirwere chanyatsopera munyika yose vebato reVeterinary Services vanozopa magwaro ekuti mombe dzichifambiswa hadzo mumatunhu, mariketi (cattle sales) achiitwa uko munhu wose pamwe neve Cold Storage Commission vangatenga havo mombe.

MUNOKUMBIRWA KUSHANDA PAMWE NEBATO RE "VETERINARY SERVICES" NOKUUYA NEMOMBE DZENYU KUZOBAIWA MAJEKISENI OKUDZIVIRIRA KANA ZVADAIDZIRWA MUDUNHU RENYU. IZVI ZVINOBATSIRA IMI PACHENYU.

Chirwere che Tungundu (Ánthrax)

Tungundu chirwere chakaipisisa zvikuru chinouraya zvipfuyo nevanhu nenguva pfupi. Chinokonzerwa neutachiwona hunowanikwa muvhu naizvozvo chipfuyo chinokwanisa kuchiwana mumafuro. Vanhu vanobatwa nechirwere ichi vachinge vavhiya kana kudya nyama yechipfuwo chafa neÁnthrax. Tungundu inobata zvipfuyo zvakasiyana siyana zvinoti mombe, mbudzi, hwai, nguruve nemadhongi.

Zviratidzo zvechirwere ichi ndezvinotevera:- Chipfuyo chinozongowanikwa chafa pasina urwere hwaonekwa. Izvi zvinoita kuti murimi afungidzire kuti zvimwe charumwa nenyoka kana kuti charohwa nemheni. Tikawana chichiri chipenyu izvo zvisingawanzoitika, chipfuyo chinenge chichitaridza sezvizvi: - kudedera, kufemera pamusoro, kupunzika, kurara, nokutandadza chichibva changofa ipapo. Mutumbi wacho unenge uchibuda ropa risingagwambi kubva mumhuno, mukanwa nekumashure. Mutumbi uyu unofufutirwa nokuwora nenguva pfupi uye usingaomi mutezo.

Zvichinge zvadai murimi anokurudzirwa kumhanyira kuna vanachiremba zvezvipfuwo (Veterinary) nekukurumidza. Musabata, kuvhiya kana kudya chipfuwo chafa nenzira yakaita saizvozvi kana nguva ipi zvayo. Rangarirai kuti chirwere ichi ingozi kuvanhu. Vanhu vanechitsama vari kurwara vamwe vachifa nechirwere ichi gore rega rega.

Chirwere ichi chinorapika kana mombe inorwara yakurumidza kuonekwa. Kana chirwere ichi chaputika mudunhu menyu, onai bazi reVeterinary Services kuti vakupeyi mazano akakodzera okuti muraramise zvipfuwo zvenyu.

Chirwere ichi chinodzivirirwa nemushonga wenhomba (*vaccine*) inobaiwa mombe nevebazi reVeterinary Services kana chirwere chapinda mudunhu. Mutemo unosungira varimi vese kuti vaunze zvipfuyo zvavo kuti zvibaiwe mushonga wenhomba apo pazvinenge zvadaidzirwa nevashandi ve Veterinary Services.

Chipfuyo chinenge chafa neTungundu hachivhiyiwi. Chinofanirwa kupisa kana kufushirwa zvakadzika uye pozoshandiswa mishonga inouraya hutachiona se "*quickline*", "*formalin*" kana "*caustic soda*".

Musayeuka bako manaiwa nemvura. Onai vanachiremba vezvipfuyo nhasi chaiye tibatsirane kurwisa chirwere cheTungundu (Ánthrax). Ngatichengetedzei upfumi hwedu!

Chimbwamupengo

Chimbwamupengo chirwere chinobata mhuka dzose dzine ropa rinodziya dzakaita semombe, imbwa, mbudzi, hwai nemhuka dzemusango dzakafanana nemakava, mapere nedzimwe. Chirwere ichi chinowanikwa muvanhu kazhinji vanenge varumwa neimbwa dzinenge dziine chirwere ichi. Chimbwamupengo chinouraya naizvozvo chinofanira kutyiwa.

Kautachiwana kanokonzera chirwere ichi kanokwanisa kupinda mumuviri kana mhuka kana munhu arumwa neimbwa kana gava rine chirwere ichi. Hutachiwana hunogara mumate meimbwa saka chinobata munhu mushure mekurumwa, kunanzviwa pane ronda kana mumaziso neimbwa ine chimbwamupengo.

Chirwere ichi chinoonekwa muimbwa nekuburitsa masiriri akawanda, ukasha nekuruma zvese zvese, kudya zvitanda, matombo nezvimwe zvisingadyiwe, kupusa zvichiratidza kurwara, kuondoroka, pfari nekuoma mutezo nekufa. Kumombe nezvimwe zvipfuyo chinoonekwa neukasha, kutadza kunyatsofamba, kusiririka, kudumbirwa ichi dzindira, kukuma kana kudzvova zvisina maturo, kuoma mitezo nekufa. Muvanhu chinoonekwa nevanga ndiro rinotanga kurwadza, kutemwa nemusoro, kufarisa kana kusuwa suwa, pfari nekutadza kumedza, rufu ndiyo mhedzisiro yacho.

Hapana mushonga unorapa chirwere ichi kana chavakuratidzira. Kana munhu arumwa nembwa kana gava anofanirwa: kugeza ronda nemvura nesipo, kumhanya kuchipatara kunobaiwa jekiseni rokudzivirira chirwere ichi, kuenda kumahofisi eVeterinary kuti vaongorore hutano hwembwa iyi kuti ine utachiona here.

Chirwere ichi chinodzivirirwa nekubaisa imbwa dzenyu majekiseni okudzivirira Chimbwamupengo kuVeterinary. Dzinofanira kubaiswa pazera remwedzi mitatu, mwedzi gumi nemiviri, uye mukati memakore matatu oga oga kubva ipapo. Kusabaisa imbwa yako kutyora mutemo weparamende, zvinosungisa. Munofanira kumhangara imbwa dzamunoona dzichifamba famba dzisina varidzi. Mombe, mabhiza, mbudzi, hwai, nezvimwe zvipfuwo zvinokwanisa kubaiwa mushonga wekudzivirira chirwere munzvimbo dzine mukurumbira wacho.

Zvirwere zvinokonzerwa ne zvikwekwe/magupa/zvishambwe

Zvikwekwe/Magupa zvinokonzera chikamu chiripakati nepakati chezvirwere zvemombe munyika. Zvikwekwe zvine mukurumbira mumaruwa mazhinji ndezvinotevera; *Blue tick, Red legged tick, Brown ear tick, Bont tick* ne*Bont legged tick.* Zvimwe zvezvirwere zvinokonzerwa nezvikwekwe ndezvinotevera; *Babeosis* (chirwere chinotsvukisa weti), *Anaplasmosis* (chirwere chenduru), *Heart water* (chirwere chemoyo unopoteredzwa nemvura), *Sweating Sickness* (gwembe), chirwere chemutochera (*theileriosis)*.

Kudzivirira zvirwere zvezvikwekwe

Ongororo yakaitwa nenyanzvi inoratidza kuti mombe dzinofanira kugadzira unhinhi (develop resistance) kuzvirwere zvezvikwekwe mumuviri madzo. Izvi zvinokurudzirwa nekurega mombe dzichimborumwa nemakwekwe mashomanana dzozodhibhiswa. Saka varimi vanokurudzirwa kuti vadhibhise mombe pamazuva anenge atarwa neveVeterinary.

Chikwekwe chimwe nechimwe chinenge chamwa madonwe 30 eropa kubvira pachinochochonwa kusvikira zero rachinokandira mazai. Nokudaro zvikwekwe 300 zvinonwa *"litre"* yeropa. Mombe dzinowaikwa dziine zvikwekwe zvinopfuura 300 pamuviri wadzo dzinorasikirwa neropa zvoita kuti dziondoroke. Zvikwekwe zvikawandisa pamombe ropa rinoshomeka mumuviri kusvikira yafa. Mhuru dzinofa kupfuura mombe dzakura kana dzamomoterwa nezvikwekwe. Simba romuviri rokudzivirira rinoderera, mombe yaondoroka haitani kubatwa nezvimwewo zvirere zvinouraya.

Zviya zvikwewe zvinonamatira zvakaita chibumbwa, zvinokonzera mamota. Mombe ikawanikwa iine mamota apo inourayiwa nyama yacho inorambidzwa kutengeswa. Nokudaro muridzi wemombe anorasikirwa nemari yaange achawana. Zvikwekwe zvinosiya maronda pazvinenge zvaruma zvinokwezva makonye e*Screw worm* anopinda paronda achiita kuti mombe irware. Zvikwekwe zvishava zvinonamatira munzeve, zvinokwanisa kuunyanisa nzeve ichisara yaomararara/yakokonyara. Zvimwe zvikwekwe zvinonamatira mupfunha dzemuswe zvichidimbura muswe, uchizosara wave chimhini.

Zvimwe zvikwekwe zvinonamatira pachikumba zvichiboora bora ganda. Kana mombe youraiwa dehwe rinowanikwa rakaipa nokudaro harizotengwa navanoshanda nematehwe. Muridzi wayo anorasikirwa nemari yedehwe. Pamusoro penjodzi dzezvikwekwe kumombe dzatsanangurwa kune zvirwere zvizhinji zvinoparadzirwa nezvikwekwe kumombe.

***Babeosis* (Chirwere chinotsvukisa weti)**

Chirwere ichi chinoonekwa mumombe neweti tsvuku, matadza nomukati memaziso ayo munocheneruka, inorwara rwara ichiita mudumbu nemanyoka, mhedzisiro kufa kana isina kurapwa. Ino rapwa nemushonga we*Berenil*, Veriben kana Imizol.

***Anaplasmoisis* (Chirwere chenduru)**

Chirwere ichi chinoita kuti mombe ifufutirwe ichiita ndove yakaomarara. Mombe inocheneruka matadza nomukati memaziso zvichizogumisira zvava neruvara rwenhundurwa. Mombe ine chirwere ichi inorapwa ne*Terramycin L/A* kana ne*Hitet 120*

Heartwater (Chirwere chemoyo unopoteredzwa nemvura)

Heartwater chirwre chinoita kuti mombe ipenge ichisanduka maitiro ayo emazuva ese, inofamba makumbo ayo akaomarara akatwasuka uyeze ichidzadzarika dzadzarika.

Sweating Sicknesss (Gwembe)

Ichi chirwere chinobata mhuru. Mombe ine chirwere ichi ganda nemvere dzinonyorova kunyanya muzasi menzeve, shure kwemagokora nepakti pemakumbo eshure, inopupa furo ichiburitsa misodzi, inokokonyara musana, inopedzisira yasvuuka muviri wose kusara isisina mvere. Chirwere ichi chinorapwa nemushonga we*Healing oil, Vitamin B12, Terramycin.*

Theileriosis

Chirwere *cheTheileriosis chinoita kuti mwandabvu* omuviri wemombe azvimbe, mombe inotadza kufema ichizarirwa nekubuditsa furo mumukanwa nemisodzi ichiita manyoka. Mombe ine chirwere ichi inorapwa ne*Butalex.*

Chirwerwe chebandauko (Black leg)

Chirwere ichi chinowanzo bata mombe dzine mwedzi mitanhatu kusvikira makore matatu, chinowanzo uraya mombe dzakakora. Zvimwe zvezviratidzo zvinosanganisira kukamhina, kuzvimba bandauko kana pachidya. Murimi asingaongorori zvipfuyo zvake anongoona mombe yafa.Dumbu rinozvimba makumbo akati tasa, makumbo anozvimbawo kunge akaiswa mweya mukati kana mashizha akaoma. Tinogona kudziviririra nokubaya majekiseni okudzivirira eblack leg vaccine mwedzi mumwe nguva inowanzo putika chirwere ichi isati yasvika. Onani vana chiremba vezvezvipfuyo kana maona zviratidzo izvi. Musadya kana kuvhiya mombe iyi kusvira vana chiremba vauya. Pisai kana kucherera pasi mugomba rakadzika zvikuru zvekuti mhuka dzinodya nyama yakaora hadzifukunuri.

Kuvahara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Rupawo nekuchengeta zvinyorwa

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.
2. Ona kuti vavakuziwa kuisa mhete nekuchekanzeve yemombe kuti ugoratidzawo vamwe varimi. Ronga kuti musi vechidzidzo pave nemombe nemhete. Unogona kubatsirwawo nemurimisi vako.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

1. Zvakakoshera rupawo
2. Mhando dzerupawo.
3. Kuisa rupawo

Activity 1

Kurukura zvinotevera nevarimi

Zvakakosha kuti mombe dzive nerupawo rwadungamunhu kuti zvigogona kubatsira pakuchengetwa kana kudzivirira kurasika kwezvipfuyo.
Rupawo rwadungamunhu rwunofanira kupiwa pamusha pose kubva kumahofisi ehurumende anopa zvitupa, namagwaro ekuberekwa nekufa, neemichato. Hofisi iyi ndiyo inopa chitupa cherupawo. Rupawo urwu runopisirwa pamutsipa kurutivi rwerudyi kana pabandauko

Rupawo rweVheterinari
Rupawo urwu runoiswa pamutsipa kurutivi rweruboshwe nebazi reVheterinari kuti zvivabatsire mukudzivirira nekurapwa kwezvirwere kuzvipfuyo. Rumwe rupawo rweVeterinary ndeunoratidza kuti mombe iyi ndeyepadhibhi ripi. Runopiswa pamutsipa kurikudivi reruboshe zvekare.

Mamwe marudzi erupawo

Mhete
Mhete dzinoiswa panzeve kuti zvigobabatsira kuverengwa kwemombe apo dzichidhibha kana dzichiongororwa utano. Imwe neimwe mhete inenge ine nhamba zvichienderana nehuwandu hwemombe.

Mudhindo
Mudhindo unenge uine nhamba unoshandiswa kudhinda mombe mukati menzeve zvobatsira pakuverengwa kana mombe dzichidhibha kana dzichioongororwa utano.

Kuchekwa nzeve

Banga rakapinza rinoshandiswa kucheka nzeve zvichimirira nhamba yechipfuyo. Rupawo urwu runowanzo shandiswa kunguruve.

Activity 2

Ratidza vamwe varimi machekerwe enzeve yemombe uye maisirwe emhete.

Kuvahara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Kuchengetedzwa kwezvinyorwa

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

1. Mhando dzezvinyorwa nemanyorerwe azvo.

Activity 1

Varimi ngavatsanagure zvinyorwa zvavanoziva zvinofanirwa kuchengetwa pakupfuya mombe.

Kurukura zvinotevera nevarimi:-

Zvinyorwa zvezvipfuyo zvinokosha kuti zvichengetedzwe nokuti zvinobatsira pakutsanangura nhoroondo yemombe imwe neimwe izvo zvinosanganisira zvirwere nomukaka vainoburitsa. Izvi zvinogoneka kana mombe dzine manhamba awo anotibatsira pakutsaura mombe dzokukodza kana kutengesa. Zvinyorwa zvinobatsira kuziva mhou dzava nemazamu nedzisina uye nokuziva nhambo yokuisa kana kubvisa mhou kumabhuru.

1) Zvinyorwa zvisinganetsi kuchengeta ndezverudzi rwefarm diary mamunonyora zvese zvamaita nezuva racho. Mombe dzese dzabarwa, mombe dziri pa heat, hadzi dzasanganiswa nemabhuru, mombe dzese dzaongororwa dzikaonekwa dziine zamhu, mhuru dzarumurwa, chikafu nemishonga zvatengwa, mombe dzatengwa kana kutengeswa nemari yacho, mombe dzarwara nemishonga yapihwa, mishonga yamwiswa kana kubaiwa kudzivirira zvirwere kana kuuraya makonye emudumbu zvese zvinoiswa mufarm diary pazuva razvaitika.
2) Munogonawo kuchengeta bhuku remombe imwe neimwe mamunonyora chese chinenge chaitwa pamombe iyoyo kuitira kuongorora mashandukire anenge achiita zvinhu muhupenyu hwemombe iyoyo.
3) Munogona kuchengetawo zvinyorwa maererano nezvinogara zvichiitwa pamombe. Zvinyorwa zvinenge zvakaita sezve kudhibhisa, kuzvarwa kwemhuru, kurumurwa kwemhuru, kurapwa kwemombe, kusanganiswa kwehadzi nemabhuru.

Munodawo kuti muchengete zvinyorwa zvinoratidza nguva imwe neimwe inoshanduka huwandu hwemombe dzenyu zviri pasi apa.

DATE	COWS	BULLS		HEIFERS	OXEN	STEERS	CALVES		TOTAL
		ADULT	YOUNG				MALE	FEMALE	




Activity 2

Isa varimi mumapoka matatu. Ipa boka rimwe nerimwe kuti riite muenzaniso vemwedzi umwe chete (mazuva 30) vemhando yechinyorwa chavasarudza.

Activity 3

Kurukurai kuti ndeipi nzira iri nyore kushandisa. Ipai zvikonzero. Ndeipiwo nzira isingakunetsei kuongorora zviri kuitika mudanga menyu pane nzira nhatu dzakurukurwa? Ipai zvikonzero.

Activity 4

Seboka itai muenzaniso vemanyorerwe angaitwe bhuku rinoratidza huwandu hwemombe. Ipa munhu umwe neumwe ari muboka mukana vekutaura mashandukire angaite nhamba yemombe mudanga, vochimupa mukana vekuti anyore mombe dzavapo mubhuku.

Kuvahara chidzidzo

- Ipa varimi mukana vekubvunza mibvunzo. Ipa vamwe veboka vanzwisisa chidzidzo kuti vapindure. Kana vatadza pindura. Asi kana iwe watadza nyora pasi mubvunzo vozobvunza murimisi vako pamunosangana.
- Dzokera pazvinangwa zvechidzidzo ubvunze varimi zvavabata pachidzidzo maererano nechinangwa chimwe nechimwe. Kana paine pasina kunzwisiswa neruzhinji rwevarimi, panoda kudzokororwa zvakare.

Kukodzera mombe mumatanga

Gadziriro inoda kuitwa chidzidzo chisati chasvika

1. Verenga zviri muchitsauko unatse kunzwisisa zvinoda kuzokurukurwa musi vechidzidzo.

Zvinangwa zvechidzidzo:-

Tsanangurira varimi kuti panozopera chidzidzo vanofanirwa kunge vava kugona kuita kana kuziva zvinotevera:-

1. Chinangwa chekukodza mombe
2. Zvinhu zvinoda kucherechedzwa kana murimi afunga kukodza mombe
3. Zvinhu zvinofanirwa kutariswa kana munhu achisarudza mombe yekukodza.
4. Zvinodiwa pakukodza mombe
5. Kukodza mombe
6. Zvinyorwa zvinofanirwa kuchengetwa

Activity 1

Tsanangura zvinotevera:-

Varimi vekumaruva vanotengerwa mombe dzawo nemitengo yepasi nekuti kazhinji mombe dzawo dzinenge dzisingatarisiki zvakanaka, dzinenge dzisingaremi, dzinenge dziri dzemhando yepasi pasi uye misika yemumaruva haina kurongeka.

Activity 2

Varimi ngavadome kuti sei tichikodza mombe? Zvimwe zvinogona kushandiswa kutsigira hurukuro iyi ndeizvi:-

- Kuwandudza hunaku (quality) yemombe (kurema kwayo pamwe negiredhi) dziri kuda kutengeswa kumisika kana vatengi vanobhadhara zvakanaka kuti murimi avanewo mari yakawanda.
- Kuti murimi atengesewo nemutenge yakakwirira panguva apo mombe dzakanaka dzinenge dzichishayikwa uye dziine mutengo vepamusoro soro.
- Kuitira kuti varimi vasatengese mombe nekuda kwekuti dzinenge dzootambura nekushaya chikafu chakanaka uye dzawe nemiwiri yaperezeka.
- Kurima mombe sebhizimusi kubudikidza nekutenga mombe dzekukodza.

Activity 3

Varimi ngavadome zvanofunga kuti zvakakosha kutanga murimi acherechedza asati atangana nebhizimusi rekukodza mombe. Zvimwe zvezvamungakwanise kukurukura ndeizvi:-

1. Vatengi vari kutarisirwa kuti vanhu vanozovimbika kuzoramba vachiuya kunotenga here uye nemitengo inoenderana nezviri kuitika mumisika yemombe yemunyika mese here.
2. Varimi vakakodza mombe vanozosarawo vaine mari here mushure mekunge vatengesa?
3. Mombe dzacho dzekukodza dzicharamba dzichivanika here munharaunda imomo zviri nyore?
4. Chikafu chekupa mombe dzacho chakanaka (chemuzvitoro kana chekugadzira) chinovanika zviri nyore here uye nguva dzose here?

Activity 4

Sekuziva kwawo, varimi ngavadononongore zvinhu zvinofanirwa kutariswa kana munhu achisarudza mombe yekukodza. Tsigira hurukuro yenyu nezvinotevera: -

- Mhando yemombe yacho: - mhando dzakavambira muno (indigenous) dzinoti nonokei kukura. Dzakabva kunze kwenyika (exotic) dzinoti kasikei. Ndudzi dzakasanganiswa (cross breeds) kazhinji ndidzo dzino nyanaya kuita zvakanaka.
- Zera: - mombe dzinenge dzichiri diki dzinonyanya kuita zvakanaka kudarika dzati kurei – tarisai muzvinyorwa kana kuverenga mazino emombe kuti muone zera radzo.
- Mombe dzechirume dzichiri diki dzinoita zvakanaka kudarika matsiru kana mhou. Kazhinji mhou nematsiru dzagara dzinochengeterwa kubara dzimwe.
- Kukura kwe mhumhu vemombe: - mombe dzine mhumhu mukuru dzagara dzinoita nyama yakawanda kudarika dzine mudiki.

Activity 5

Varimi ngavapinde mumapoka maviri. Varimo saizvozvo, nagavakurukure zvavanofunga kana kuziwa kuti zvinodiwa pakukodza mombe.

1. Matanga ane pekudyira nepekuisira mvura yekumwa. Mombe imwe neimwe inoda 7m² mudanga.
2. Pekubatira mombe, pekudzikwidzira mumota kana rori nepekupimira huremu.
3. Iwaiwo nezvekupimisa huremu zvakaita se scale yemombe kana weigh band
4. Handling infrastructure including loading rump nearby, weigh band
5. Mombe dzacho dzakaita sedzakurukurwa pachikamu chiri pamusoro
6. Chikafu chekupa mombe dzacho. Chinogona kunge chiri chekutenga kana kuti chakagadzirwa nezvakarimwa nemurimi zvinozosanganiswa pamwe kuti zvipe chikafu chakakodzera.
7. Onai kuti pane mvura yekumwa yakanaka yakawanda chaizvo iri pedyo
8. Mishonga yekugadzirisa zvinenge zvakanganisika pakudya kunenge kuchiita mombe pmwewo nemishonga yemakonye emudumbu pamwe neinomwayiwa pamombe.
9. Zvinobata nhunzi (fly traps)
10. Muchiso pamwe nema ear tags
11. Mabhuku ekunyorera zviri kuitika pamombe
12. Muhnu anoona kuti basa riri kufambiswa zvakanaka here uye umwewo anoona kuti zvipfuvo zvakachengeteka kubva kumbavha kana zvikara.

Activity 6

- Mombe dzinofanirwa ku dhibhiswa kuitira zvakaita sezvikwekwe pamwe nekumwiswa mushonga vemakonye emudumbu dzisati dzapinzwa mudanga.
- Kana dzawa mudanga chikafu chinofanirwa kutanga kupihwa zvishoma nezvishoma kuitira kuti mudumbu madzo musavhunduke chikafu chitsva. Chikafu chitsva chinogona kuiswa pamwe chete nechikafu chakajairwa kare nemombe chakaita se huswa. Mombe dzinogona kutora mazuva 7 v-14 kuti dzinatse kujairirana nechikafu chitsva
- Chikafu chemhando yeroughage chinofanirwa kuvapo nguva dzose zvadzo chichidyiwa zvisina kupimira. Panozobuda mombe mudanga inokwanisa kunge yadya 1 tonne ye roughage.
- Mombe kunyanya dzinenge dziri diki mbijana ngadzipihwe kudya kunokwana kuita 12/13kg pazuva kwechikafu chakagadzirirwa kukodza mombe. Dzati kurei ngadzipihwe 8 kg pazuva nekuti dzinonyanya kuita mafuta pane kuita nyama.

- Mombe dzinenge dziri mumatanga ngadziiswe mumipanda yakasiyana inoenderana nezera, kukura kwayo muviri, mahndo uye kuti irume here kana kuti ihadzi.
- Mvura yekumwa yakachena ngaivepo nguva dzose husiku nemasikati
- Shandisai pekudyira pakafanira panoenderana nechikafu chamuri kupa kuitira kudzivirira kuraswa raswa kwechikafu.

Activity 7

Kana muchikodza mombe tevedzerai mifananidzo vezvinyorwa uri pasi apa:-
Itai mutambo varimi vari mumapoka mana ekungonyora zvavanofunga kuti zvingabube pakukodza mombe 1, 4, 10 ne 20.

Variable Costs

Item	**Cost**
Cost/value of animal at Induction	
Feed	
Transport to farm and market	
Veterinary Costs	
Labour	
Marketing Levy	
Interest on borrowed money	
Total variable costs	

Slaughter receipts

Item	**Receipts**
Cold Dressed Mass (CDM) or Live mass based on selling price /kg	
Supplementary payments (e.g hide bonus)/animal	
Total receipts	

Gross margin Total receipts-Total variable costs = Gross margin

Production Records

Weight, grade and value of animal at Induction	
Age of animal and sex	
Feed intake per fattening period	
Number of days in fattening pen	
Final weight, grade and value of animal (kg)	
Feed conversion ratio – good is 8 -10kg feed for one kg of meat.